



VIL CAMBRIDGE

PWOGRAM AGREGASYON ELEKTRISITE KOMINOTÈ LÈT NOTIFIKASYON

Español: masspowerchoice.com/cambridge/letter_spanish.pdf
Kreyòl ayisyen: masspowerchoice.com/cambridge/letter_hcreole.pdf
বাংলা: masspowerchoice.com/cambridge/letter_bangla.pdf
አማርኛ: masspowerchoice.com/cambridge/letter_amharic.pdf

17 Septanm 2018

Chè rezidan oswa biznis Cambridge,

Lèt sa a gen ladann enfòmasyon enpòtan konsènan bòdwo elektrik ou.

Aktyèlman ou gen Sèvis Debaz Eversource. Sa vle di Eversource ba w elektrisite, epi Eversource se founisè elektrisite w tou (yo achte eletrisite pou ou).

Vil Cambridge la gen yon pwogram agregasyon elektrisite ki rele **Cambridge Community Electricity (Elektrisite Kominotè Cambridge)**. Nan pwogram sa a, Eversource ap kontinye ba w elektrisite, sepandan Vil la chwazi pwòp founisè elektrisite li. Founisè Vil la founi plis enèji renouvlab nan elektrisite ou resevwa a pase sa Eversource founi a. **Cambridge pase atravè yon pwosesis apèl dòf konpetitif, pou l negosye yon kontra 18 mwa ak Agera Energy, ki te kòmanse nan mwa jiyè 2017.**

Ou pral enskri OTOMATIKMAN NAN Cambridge Community Electricity (Elektrisite Kominotè Cambridge), Sof si w chwazi pou w pa patisipe. Patisipasyon pa obligatwa.

Patisipasyon vle di: Ou pral wè Agera Energy ak pri pwogram lan nan seksyon ki make “Supply” (Konsomasyon) ki nan bòdwo elektrisite Eversource ou a. Sepandan, relasyon prensipal ou pou elektrisite ap toujou rete avèk Eversource:

- Bòdwo w pral kontinye soti nan Eversource
- Ou pral kontinye voye peman bòdwo w nan Eversource
- Ou pral kontinye rele Eversource si ou pa gen limyè

Si w kalifye pou yon to livrezon revni-ba oswa asistans gaz, Ou pral kontinye resevwa avantaj sa yo.

Chwazi pou w pa patisipe vle di: Eversource pral kontinye rete kòm founisè elektrisite w, epi pòsyon Bòdwo ekipman w nan pral rete nan to Sèvis Debaz Eversource.

Avantaj ki genyen lè w patisipe

Ekonomi - Aktyèlman pri pwogram lan pi ba pase pri Sèvis Debaz Eversource la. Toutfw, pousantaj sèvis debaz fiks Eversource chanje sis mwa pou kont kliyan rezidansyèl ak ti biznis ak chak twa mwa pou kont kliyan gwo biznis yo. Kidonk, pri pwogram lan ka pa rete pi ba pase pri sèvis debaz Eversource la, epi yo paka garanti ekonomi yo.

Elektrisite renouvlab, lokal - Elektrisite w kounye a gen ladann plis enèji solè pase minimòm eta a mande a, e enèji solè anplis la pral soti nan pwojè ki lokalize nan oswa toupre Cambridge.

Chwa - Pwogram lan ba w de opsyon: 1) Standard Green, avèk plis enèji solè pase minimòm sa leta mande a, epi 2) 100% Green. Y ap enskri w otomatikman nan Standard Green, men ou ka chwazi 100% Green. (*Detay yo nan do a.*)

Elektrisite Kominotè Cambridge

Nouvo pri ekipman elektrisite w

10.486 ¢/kWh

Sèvis Debaz rezidansyèl Eversource

11.397 ¢/kWh

Pousantaj biznis Eversource nan do a. ▶

Sipò Kliyan:

1-888-589-7790

Si w pa vle patisipe?

Ou pa oblije. Pa gen penalite oswa frè pou w soti nan pwogram nan, e ou ka soti nenpòt lè.

Si w chwazi pou w pa patisipe, ou pral rete kòm yon kliyan Sèvis Debaz Eversource.

Pou soti anvan enskripsyon an kòmanse, fè youn nan bagay sa yo anvan 20 Oktòb 2018:

- ▶ Siyenn epi retounen kat ki atache a (so lapòs pa pita pase dat **20 Oktòb 2018**), rele Agera Energy nan **1-888-589-7790**, oswa soti sou entènèt nan: **www.masspowerchoice.com/cambridge**

Si w bezwen soti nan lavni, fè youn nan bagay ki annapre yo nenpòt lè:

- ▶ Rele Agera Energy nan **1-888-589-7790**, oswa soti nan pwogram nan sou entènèt nan **www.masspowerchoice.com/cambridge**

Pri ak opsyon pwogram

1. Si w pa fè anyen, ou pral otomatikman enskri nan STANDARD GREEN:		10.486 ¢/kWh* pou kont rezidansyèl ti biznis, ak gwo biznis <i>(Sa a se opsyon ki mwen chè)</i>
Kontni enèji renouvlab	Li ogmante enèji solè a pou l pase de 2.8628% ki se minimòm sa leta mande a pou rive a anviwon 3.5785% (yon ogmantasyon 25%) akòz li itilize enèji solè ki pwodui toupre oswa nan Cambridge.**	
Tèm pousantaj	Enskripsyon - Janvyè 2019 lekti kontè.	
Tèm pou soti	Soti nenpòt lè. Ou p ap peye frè pou soti.	
2. Si w vle enèji renouvlab 100% , ou kapab chwazi 100% GREEN:		12.180 ¢/kWh* pou kont rezidansyèl ti biznis, ak gwo biznis <i>(Sa a se opsyon ki pi chè a)</i>
► Pou w chwazi 100% GREEN, rele Agera Energy nan 1-888-589-7790.		
Kontni enèji renouvlab	100% enèji pwòp nan pwojè enèji renouvlab nan New England.	
Tèm pousantaj	Enskripsyon - Janvyè 2019 lekti kontè.	
Tèm pou soti	Soti nenpòt lè. Pa gen frè pou soti.	
3. Si w chwazi pou w pa patisipe, ou pral rete nan SÈVIS DEBAZ EVERSOURCE:		11.397 ¢/kWh rezidansyèl 11.403 ¢/kWh ti biznis 13.260 ¢/kWh gwo biznis
Kontni enèji renouvlab	Satisfè Kondisyon minimòm enèji renouvlab Massachusetts.	
Tèm pousantaj	1 ^{re} Jiyè 2018 - 31 Desanm 2018, pou kont ti biznis ak rezidansyèl. 1 ^{re} Oktòb - 31 Desanm 2018 pou kont gwo biznis yo. Pousantaj sèvis debaz fiks Eversource chanje chak 6 mwa pou kont rezidansyèl ak kont ti biznis epi chak 3 mwa pou kont gwo biznis yo.	
Tèm pou soti	Soti nenpòt lè. Pa gen frè pou soti.	

* Pri Standard Green nan ak pri 100% Green toulède gen yon frè administrasyon \$0.00075/kWh.

** Acha 25% plis enèji solè refere spesyalman nan acha Sètifika Enèji Solè Renouvlab Massachusetts (SREC yo) nan pwojè elijib SREC II, anplis de minimòm ki egzije pa eta pou 2018. Pousantaj la baze sou yon pwojeksyon lavant elektrisite.

Kesyon yo pose souvan

Èske ekonomi garanti? Non. Pri pwogram nan garanti pou l pi ba pase Eversource jis nan fen tèm pousantaj aktyèl la. Pousantaj sèvis debaz Eversource pral chanje pou kont rezidansyèl, ti biznis, ak gwo biznis yo nan dat 1^{ye} Janvyè 2019. Pou w jwenn pousantaj aktyèl yo, vizite <https://www.eversource.com>.

Mwen te deja siyen pwòp kontra m avèk yon founisè elektrisite. Kisa mwen ta dwe fè? Si ou gen yon kontra ki egziste deja avèk yon founisè elektrisite e ou vle rete nan kontra sa, ou dwe soti nan pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge. Si ou pa soti nan pwogram lan sa pral lakoz enskripsyon w nan pwogram lan e li ka deklanche penalite bò kote founisè elektrisite aktyèl ou a.

Mwen genyen pano solè nan pwopriyete mwen. Èske m ap kontinye resevwa kredi pou kontè? Wi kredi pou kontè ap rete menm jan si w patisipe nan pwogram nan. Kredi kontè nan pano solè w pral kontinye parèt nan bòdwo Eversource ou e y ap kontinye kalkile l sou pri Sèvis Debaz Eversource.

Si w gen plis kesyon, tanpri kontakte sipò kliyan nan **1-844-379-9934** oswa **cambridge@masspowerchoice.com**, oswa vizite **www.masspowerchoice.com/cambridge**. Konsiltan nou yo ap byen kontan pou yo ede w.

Louis DePasquale
Manadjè Vil la



PWOGRAM ELEKTRISITE KOMINOTÈ CAMBRIDGE

X _____
Siyati Dat

ENSTRIKSYON POU W SWIV POU W SOTI

Ou pa bezwen pran okenn aksyon pou w patisipe nan pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge.

Si w **pa** vle patisipe:

1. Siyen epi mete dat sou kat sa a
2. Mete kat la nan anvlòp yo bay la epi lage anvlòp la nan lapòs.

Kliyan ki enkri ke dosye non l parèt sou kat sa a dwe siyen. Anvlòp la dwe gen so lapòs ki date pa pita pase **20 Oktòb 2018**, pou w soti anvan ou enskri. Ou ka soti tou a nenpòt lè apre enskripsyon an.